# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 जनवरी 2026 भोजपुरी समाचार

तीनि दिन क भारत अंतर्राष्ट्रीय लोकतंत्र अउर चुनाव प्रबंधन सम्मेलन–आईआईसीडीईएम एक्कइस जनौरी के नई दिल्ली के भारत मंडपम में आयोजित कइल जाई। नई दिल्ली में आजु सम्मेलन के बारे में मीडिया के सम्बोधित करत आईआईआईडीईएम क महानिदेसक राकेश वर्मा बतवलें कि सम्मेलन क बिषय समावेशी, शान्तिपूर्ण, लचीला आ टिकाऊ दुनिया खातिर लोकतंत्र हौ।

**ये तीन दिन की कॉन्फ्रेंस इलेक्शन मैनेजमेंट बॉडीज के लिए बहुत महत्वपूर्ण कॉन्फ्रेंस है और ये इलेक्शन कमीशन ऑफ इंडिया और ट्रिपल आईडीएम यहां पर भारत मंडपम में ऑर्गेनाइज कर रहे हैं। इस तीन दिन की कॉन्फ्रेंस में इलेक्शन मैनेजमेंट से जुड़े हुए सारे ही पहलु जो इलेक्टोरल प्रोसेसेस हैं, जो सिस्टम्स हैं, जो चैलेंजेस हैं, जो सॉल्यूशन्स हैं, उनपे डिस्कशन होगा और डिस्कशन के अलावा जो बेस्ट प्रेक्टिसेज हैं वो शेयर की जाएंगी ताकि एक–दूसरे से हमलोग सीख सकें और एक साथ में बैठ के उनके जो चैलेंजेस हैं, उनके सॉल्यूशन्स भी निकाले जा सकें।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में एगो उच्च स्तरीय बइठकी में मिशन कर्मयोगी के तहत राज्य में अबले भइल प्रगति आ आवे वाला कार्ययोजना क पुरहर समीक्षा कइलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा कि मिशन कर्मयोगी प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की एक परिवर्तनकारी पहल है। इसका उद्देश्य वैश्विक दृष्टिकोण के साथ भारतीय संस्कृति के लोकाचार में निहित मूल्यों को आत्मसात करते हुए ऐसे सक्षम मानव संसाधन तैयार करना है जो प्रदेश और देश के विकास की प्रेरक शक्ति बने। श्री योगी ने सभी विभागों और सरकारी संस्थाओं के पाठ्यक्रम में एआई और साइबर सिक्युरिटी को अनिवार्य रूप से शामिल करने का भी आह्वान किया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुइ दिन के दौरा पर गोरखपुर पहुंचलें। उहां के ओइजा बनि रहल गोरखपुर–पिपराइच फोरलेन राहि क जंगल धूषण के भट्ठा चौराहा के लग्गे निरीक्षण कइलीं। येह दौरान उहां के अधिकारियन से कार्य के प्रगति क जनकारी लिहलीं आ गुणवत्ता के साथे काम करवले क निरदेस दिहलीं। उहां के फोरलेन बदे बनावल गइल नक्सो देखलीं। मुख्यमंत्री गोरखनाथ मंदिर में महायोगी गुरु श्री गोरक्षनाथ क पूजा–अर्चना कइ के प्रदेसवासियन बदे कल्याणों क कामनों कईलें।

**********

कृषि आ किसान कल्याण मंत्रालय भारत सरकार सहकारिता के क्षेत्र में बढ़ियां काम करे बदे उत्तर प्रदेस के बेस्ट परफॉर्मिंग स्टेट पुरस्कार से सम्मानित कइले हौ। ई जनकारी प्रदेस क सहकारिता राज्य मंत्री जेपीएस राठौर दिहलें। उहां के येह उपलब्धि पर विभाग के सज्जो अधिकारी आ करमचारी लोगिन के बधाइयो दिहलीं।

**********

प्रयागराज के माघ मेला क्षेत्र में पॉलीथीन के उपयोग पर पुरहर तरीका से रोकि लगा दिहल गइल बा। मेला परभारी ऋषिराज आजु बतवलें कि पर्यावरण संरक्षण के देखत मेला क्षेत्र में पलास्टिक से बनल कप, दोना आ पत्तल अउर गिलासि के उपयोग पर पुरहर तरह से रोकि लगावल गइल हौ। उहां के ईहो कहलीं कि पतित पावनी माई गंगा आ जमुना के जलधारा के स्वच्छ बनावल रखले में सज्जो संत, कलपवासी आ सरधालु लोगिन क पुरहर सहजोग मिलि रहल बा।

**********

अब केन्द्र सरकार की ओरि से संरक्षित एक सौ सत्तर से बेसी स्मारकन आ संग्रहालयन बदे ऑनलाइन टिकट खरीदल जा सके ला। भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण एकरे खातिर ओपन नेटवर्क फॉर डिजिटल कॉमर्स क सुरूआति कइले हौ।

**********

प्रदेस में पंचायत चुनाव बदे मतदाता पुनरीक्षण अभियान–दुइ हजार पचीस क समय–सीमा बढ़ा दीहल गइल बा। अब दावा आ आपत्तियन के निस्तारण के सथहीं अउरियो कार्यवाही सत्ताइस मार्च ले होई। अट्ठाइस मार्च के राज्य निर्वाचन आयोग आखिरी सूची प्रकासित करी। पहिले छौ फरौरी के आखिरी सूची प्रकासित कइल जाये के रहल।

**********

सर्वोच्च न्यायालय वायु गुणवत्ता प्रबंधन आयोग से दुइ हप्ता के अन्दर ओह सज्जो स्रोतन क पहिचान करे के कहले हवे जवन प्रदूसण क मुख्य कारक हवें। प्रधान न्यायाधीश सूर्यकांत आ न्यायमूर्ति जयमाल्या बागची कहले हवें कि आयोग सज्जो बिसेसज्ञन के साथे चरचा कइ के दीर्घकालिक समाधान सुझावे जेहके चरणबद्ध रूप से लागू कइल जा सके। एगो रिपोर्ट–

**न्यायालय ने कहा कि यह सुझाव ऐसे होने चाहिए जिससे लोगों की आजीविका, उद्योग और जनता पर प्रतिकूल प्रभाव न पडे। न्यायालय ने यह भी कहा कि प्रदूषण नियंत्रण के उपाय इसलिए विफल रहे कि न्यायालय ने कई विशेषज्ञों के विचार लिए जो अलग–अलग प्रकार के थे। पीठ ने रिपोर्ट देने के लिए दो महीने का समय दिए जाने के संबंध में अपर सॉलिसिटर जनरल ऐश्वर्या भाटी के अनुरोध पर तीखी प्रतिक्रिया दी। हांलाकि, न्यायालय ने आयोग को दो सप्ताह का समय देते हुए इस महीने की 21 तारीख तक कार्ययोजना प्रस्तुत करने के निर्देश दिए। समाचार कक्ष से मुकेश कुमार बल ।**

**********

प्रदेस भर में कड़ेर ठंडी आ कुहेसा क परभाव बनल बा। मौसम विभाग बिहनहूं कहीं–कहीं घना कुहेसा के ले के येलो अलर्ट जारी कइले हौ।

**********